

Depatman Edikasyon Florida
Fòmilè Konsantman Paran
Plasman Elèv Nan Sant Edikasyon Eksepsyonèl



Elèv: _____ Dat: _____
Dat Nesans Elèv la: _____ Non Paran an (yo): _____
Distri: _____ Lekòl: _____

Mwen konprann, paske m ap patisipe nan ekip plan edikasyon endividyèl [Individual Educational Plan (IEP) an angle], mwen gen dwa pou dakò oswa refize pou pitit mwen (oswa mwen menm, si w se yon elèv majè) pou plasman nan yon sant edikasyon eksepsyonèl [Exceptional Student Education (ESE) an angle], amwenske gen yon sikonstans kote yon plasman fèt nan yon lekòl sant ESE ki gen rapò ak vyòl espesifik kòd konpòtman elèv distri a. Yon sant ESE oswa lekòl lajounen espesyal vle di yon lekòl piblik separe kote lòt timoun nan klas matènèl jiska 12zyèm ane ki pa gen yon andikap pa gen aksè.

Daprè Seksyon 1003.5715, Lwa Florida, m konprann Distri Konte Lekòl _____ pa gendwa plase pitit mwen nan yon sant ESE amwenske mwen te bay yon konsantman ekri sou fòmilè sa a; oswa distri a te dokimante epi te fè efò rezonab pou jwenn konsantman mwen epi mwen pa te reponn; oswa distri lekòl la te jwenn otorizasyon nan jijman pwosedi ofisyèl ak/ou pwosedi pou fè apèl. Mwen konprann, pandan n ap tann pwosedi pou fè yon jijman oswa yon apèl pou yon plent, pitit mwen an ap rete nan menm pwogram lekòl li ye a pandan n ap tann desizyon jijman an, amwenske distri lekòl la ak mwen menm dakò yon lòt bagay.

Y ap mande mwen pou bay konsantman mwen paske ekip IEP a te detèmine nou dwe pran aksyon ki pwopoze a pou pitit mwen an resevwa yon edikasyon piblik ki apwopriye. Si mwen refize bay konsantman pou aksyon ki pwopoze a, pitit mwen an kapab pa resevwa tout sèvis ak soutyen ekip IEP a detèmine li bezwen, epi sa kapab gen yon enpak sou pwogrè pitit mwen nan lekòl. Mwen konprann si mwen bay konsantman mwen, pitit mwen p ap patisipe nan klas ak timoun ki pa gen andikap, men l ap gen aksè nan klas ak anpil sèvis ekip IEP an te detèmine ap reponn a bezwen akademik pitit mwen an. Konsantman sa a ap valid jiska pwochen revizyon IEP ki fèt chak ane a oswa jiska pwochen rankont EIP kote nou abòde plasman nan lekòl sant ESE a, selon sa ki vini avan an.

M bay konsantman pou plasman nan yon sant ESE.

Siyati Paran _____ Dat _____ Siyati Paran _____ Dat _____

M pa bay konsantman pou plasman nan yon sant ESE.

Siyati Paran _____ Dat _____ Siyati Paran _____ Dat _____

Si w siyen "*M pa bay konsantman*," avan dis jou lekòl, distri lekòl la dwe devlope epi aji sou yon nouvo plasman konfòmman ak yon nouvo IEP **oswa** mande yon jijman pwosedi ofisyèl.

Ou gen dwa ak pwoteksyon ki dekri nan *Avi konsènan Mezi Pwoteksyon pou Paran ak Elèv Andikape* yo [Notice of Procedural Safeguards for Parents of Students with Disabilities an angle]. Pou resevwa yon kopi oswa pou ede w konprann dwa ou yo, ou ka kontakte:

nan	OU	nan	
(Responsab nan distri a)	(Telefòn/Imèl)	(Dezyèm Kontak)	(Telefòn/Imèl)

Dokimantasyon pou montre yo te eseye jwenn yon konsantman:

1. Dat / Metòd itilize pou voye li:
2. Dat/Metòd itilize pou voye li: